

# Vàn Rivyè Mystic ak Separasyon Tou Rego

## Apèsi sou Pwojè a

Vil Somerville ap fè gwo envestisman nan tout sistèm nan pou modènize enfrastrikti tou rego ak dlo lapli. Kòm yon pati nan efò sa a yo, Vil la pral konstwi yon nouvo tiyo pou dlo lapli pou vide dlo lapli yo nan Rivyè Mystic. Pou li fè sa a, l ap enstale nouvo enfrastrikti drenaj, epi reyabilite sistèm tou rego ki egziste nan Winter Hill, Ten Hills, ak nan katye ki nan Iwès Foss Park. Pwojè sa a pral diminye risk inondasyon nan zòn ki nan antouraj la epi ede kenbe kalite dlo rivyè lokal yo.

## Kalandriye yo Prevwa

Pesonèl Minisipal Depatman Enfrastrikti ak Jesyon Byen, ansanm avèk patnè konseye yo, ap travay aktyèlman sou konsepsyon preliminè pou pwojè sa a.

Yo pral pataje plis enfòmasyon ak premye konsèp konsepsyon yo ak kominate a ofirameze y ap devlope yo. Epitou ekip pwojè a pral kolekte kòmantè rezidan yo pandan tout faz konsepsyon an.

Yo prevwa fini konsepsyon preliminè yo nan sezon otòn 2024 la. Yo prevwa fini dènyè konsepsyon an nan ane 2025 lan.

## Ou Gen Kesyon oswa Kòmantè?

Si w gen kesyon oswa ou vle pataje kòmantè w yo, tanpri voye yon imel ban nou [somerviva@somervillema.gov](mailto:somerviva@somervillema.gov) oswa rele nimewo 311 (617-666-3311).